# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 22-23 (10274-10275) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 1 апрель /Рузман


# ЗАХІМАТАЛ КЪОЯЗ ХІАЛАЕ РАТАРАЛ





Хинаб ихдалил къо. Кьохъ росдада аскІоб, Гумбет ва Болъихъ районазул гІорхъода районалъул бетІер Руслан ХІамзатов, Россиялъул БахІарчи ДибирхІажи МухІамадов, райадминистрациялъул хІалтІухъаби, культураялъул управлениялъул творческияб коллектив, Кьохъ росдал администрациялъул хІалтІухъаби, рагъулаб формаги ретІун школалъул цІалдохъаби ва ясли-ахалъул гьитІичал.

Чед-цІамгун гъез дандчІвай гьабулеб буго республикаялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул Министерствоялъул хІаракатчилъиялдалъун тІобитІулеб ТІолгороссиялъул патриотикияб «ВатІаналъул БахІарзазул Вахта" проекталъул гІахьалчагІигун.

Пачалихъияб Думаялъул депутат, ТІолгороссиялъул "Россиялъул БахІарзазул Ассоциация" общественнияб организациялъул президент, Россиялъул БахІарчи генерал-полковник Владимир Шамановасул бетІерлъиялда гъоркь нилъер районалде рачІана: Россиялъул БахІарчи Михаил Миненков, генерал-лейтенант Михаил Змеев, генерал-майор Арсен Рахманов, "Россиялъул БахІарзазул Ассоциациялъул" "(РАГ") аппаратальул нухмалъулев Эдуард Белошицкий, "РАГ"алъул президентасул кумекчагІи МухІамадрасул АхІмадулаев ва Николай Шалумов, рагъулал лъугьа-бахъиназул ветеран Руслан Эфендиев ва "РАГ"алъул член Людмила Шаманова.

Гъез хІалбихьана чед-цІамалъулги балъхъадерил сокалъулги. **-Гьал нилъер букІинесеб,**-абун генерал Шамановас кверал рачана цІалдохъабазулги ясли-ахалъул гьитІичазулги, гьезулгун лъай-хъвайги гьабуна.

Гьелдаса хадуб делегациялъ сапар бухьана 25908 рагъулаб часталде. 1999 соналъул август-сентябралъ, халкъазда гьоркьосел террористазулгун ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназулъ шагьидлъарал рагъухъабазе, жанисел ишазул хІалтІухъабазе, ополченцазе бараб памятникалда цере тІугьдул лъуна гьез.

Болъихъ администрациялъул азбаралдаги проект рагьана солдатасе, рагъухъан-интернационалистасе ва халкъияб ополчениялъе бараб памятникалда цере тІугьдул лъеялдаса ва рагъулал лъугьа-бахъиназулъ шагьидлъарал ракІалде щвезарун минуталъулаб сихІкъотІиялдаса.

Тадбиралъул хадусеб программа тІобитІана тарихиябгун краеведениялъул музеялда. Гьалбал къабул гьаруна музеялъул директор Аминат ДибирхІажиевалъ. Гьалбадерица цин лъай-хъвай гьабуна гьенир ругел экспонатазулгун. Гьез кІудияб интересгун хал гьабуна нилъер умумуз хІалтІизабулеб букІараб тІагІелалъулги, магІарулазул гІадатияб хъизаналъул рукІа-рахъин бихьизабураб рукъалъулги.

Гьелдаса хадуб, кІалъазе рагІи кьурав, районалъул бетІер Руслан ХІамзатовас абуна:

**-Жакъа нилъехъ гьоболлъухъ руго нилъер районалъул тарихалъулъ гъваридаб лъалкІ жидеца тарал, районалда ккарал лъугьа-бахъиназулъ хІаракатаб гІахьаллъиги гьабурал бахІарзал. Гьез мустахІикъго жидерго цІарал хъвана нилъер районалъул тарихалъулъ. МагІарулаз абула бищунго божаравги къадруявги вуго захІматаб заманалда аскІов вахъун чІаравилан. Нилъер районалъе бищунго захІматал къояз гьел рукІана нилъеда аскІор, ратана нилъее хІалаеги. Гьезда балъхъалилан гурого, гьалбалилан абизе ракІалъ виччалев гьечІо дун. МагІарулазда кІочонаро гьабураб лъикІлъиги кумекалъе бегьараб кверги. Нужер мисалалда тарбия кьун гІезабулеб буго нижеца гІунбачІунеб гІел. Баркала нужее гьединаб мисал бихьизабуралъухъ. Балъхъал кидаго рохаралги хІадуралги руго нуж къабул гьаризе. Бокьилаан нуж гьоркьо-гьоркьор Болъихъе, нужерго гІагараб районалде, рачІине.**

**Нижеда тІадаб налъи буго нужецаги районалъул халкъалъги бихьизабураб гьунарги, ватІан бокьиги, хІинкъигьечІолъиги кІочене течІого гІун рачІунел гІелазухъе кьезе, нужер мисалалда гьел куцазе.**

*(Хадусеб 2-аб гьумералда)*





(*Авал 1-аб гьумералда*)



**Нижер районалдаса гIемерал гIолохъаби руго Украиналда унеб хасаб операциялъулъ гIахьаллъи гьабулел.**

**Гьез мустахIикъаб хIалалъ тIубалеб буго цебе лъураб масъалаги тIадабналъиги. Гьел руго нужерги, 1999 соналъ жидерго ракьги Россиялъул цолъиги цIунарал районцоязулги мисалалда гIураб гIелалъул мустахIикъал вакилзаби. Аллагьас кварилъи-балагьалдаса цIунун, сах-саламатго тIад руссине хьван ратаги гьел. Гьенир шагьидлъаразул хъизан-агьлуялъе, гIагарлъиялъе кумек гьабизеги рахъкквезеги ниж хIадурал руго,**-ян абуна районалъул нухмалъулес.

Гьелдаса хадуб генерал Шамановас ва цогидалги гьалбадерица ракIалде щвезаруна нилъер районалда 1999 соналъ ккарал лъугьа-бахъинал, щакърахунаго бицана камурал гьудулзабазул. Баркала кьуна Болъихъ районалъул гIадамазе 1999 соналъ хIинкъи-къай гьечIого тушманасде дандечIей гьабуралъухъги жакъасеб хинаб дандчIваялъухъги. Генерал Шамановас гьелдаса хадуб 1999 соналъул лъугьа-бахъиназулъ гIахьаллъи гьабурал ополченцазе кьуна Баркалаялъул кагътал.

**-Хадусел нужер шапакъатал риччанте рукIине ракълилаб захIматалъулъ росарал бергьенлъабазухъ щвараллъун.**

Нилъер районалъе лъикIаб къиматги кьуна генералас:

**-Болъихъ район ккола Дагъистаналъул чIухIилъун. Дица дунгоги рикIкIуна болъихъавлъун,**-абун. Гьелдаса хадуб гьалбадерица жавабал кьуна залалдаса кьурал гIолилазул суалазе.

Тадбиралъул ахиралда ракIалдещвеялъе гIаммаб суратги бахъана.

Дандельи лъугьун хадуб, районалъул бетIер Руслан ХIамзатовги гьалбалги щвана Муни росулъе, Украиналда гьал къояз шагьидлъарав рагъухъанасул инсухъе ва хъизан-агьлуялъухъе зигара гьабизе. Зигараги гьабун генерал Шамановас баркала кьуна инсуе, гьединав бахIарчияв вас гIезавиялъухъ. Гьединго гьес баркала кьуна росдал жамагIаталъеги, нужеда гьоркьов гIуна гьединав бахIарчиян. Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасги Республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликовасул рахъалдасаги ва жиндирго рахъалдасаги зигара бана мунагьал чураяв МухIамадил инсуда, гIагарлъиялда ва гьесул хъизаналда.

**-Жакъа захIматаб къо буго мунагьал чураяв МухIамадил инсуеги, хъизан-агьлуялъеги ва росдал жамагIаталъегоги. Иманги сабруги кьеги нужее киназего гьаб кварильи хIехьезе. Аллагьас бищунго тIадегIанаб даражаялъул алжан насиб гьабуразда гьоркьов ватаги мунагьал чураяв МухIамадги. Дирго рахъалдаса рагIи кьолеб буго нижер рахъалдаса МухIамадил инсуеги хъизаналъеги букIине буго кидагосеб кумеки рахъкквейги. Хаду-хадуб риччагеги Аллагьас нилъеде къварилъаби, балагьал, рохалилаб тадбиралде гурого нужер жамагIатги нилъ киналгоги дандельулелги ратугеги,**-янги абуна Руслан ХIамзатовас.

**Редакциялъул рахъалдаса:**

***Мунагьал чураяв МухIамадил эмен Рамазанидаги, хъизаналдаги, гIагарлъиялдаги гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго редакциялъул хIалтIухъабаз ва зияраталъе щвезе рес рекъечIел районцояз. Алжаналъул агьлуялда ватаги МухIамадги. Нахъе ругезе щулияб иманги, иман кIочараб сабруги кьеги Аллагьас.***

**А. Агъларов.**



# Зилоб тIобитIана баракатаб мажлис




Араб щамат къоялъ, ай 26 марталъ, Зило росулъ тIобитIана тадбир-**росдал Къо**. Республикаялъул машгьурал гIалимзабиги ахIараб, къецазулъ гIахьаллъизе 70 гIанасеб чуги рещтIараб, тIаде рачIарал гьалбал кванаризе, гIалахалдаго хьагалги лъун, пулавги гьабун, мугьги бан, кIудияб хIадурлъи росдал жамагIаталъги, администрациялъги, гIолохъабазги гьабураб, мунагьал чураяв Мансурил МухIамад афанди ракIалде щвезавиялда хурхараб тадбир букIана гьеб. РехсечIого гьоркьов тезехъин вукIун вуго, Аллагьас жиндие гIажагIибаб къуватги гьунарги кьурав, машгьурав ГIумар ХIанапиев.

Тадбиралъул программаги букIана халкъалъе санагIатаб, гIададаго заман чIвалареб хIалалъ гIуцIцIун; чуязул цо партия биччан, кIиабилелде чуялги рекIаралги хIадурлъизегIан гIалимчияс гьабулаан вагIза насихIат. Гьединго, хадусел партиязда гьоркьоб заманалъ вагIза гьабизе вахъунаан хадусев гIалимчи. ГIемер рикIкIад гьечIого, цIеда чIахIияв хьагалги лъун белъун букIана пулавги мугьги, лъун самоваралгун, гьоркьоса кьотIичIого гьализабулеб букIана чайги. Амма киналъулго тIагIам хвезабуна пулеб гьуриялъги, берал рагьизе риччаларедухъ хIурги, кигIанги цIорораб кьоги букIиналъ. Гьава-бакъалъул ихтияр инсанасухъ гьечIелъул, бугелда гIейги гьабун тIобитIана гьеб тадбир.

Щуго партияда риччана чуял: цо партияда батIаго риччана зилдерил чуял, хадур 3, 7, 9 горсверуда ва ахиралда юргъачуялги. Зилдерил чуязда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна МухIамадов СагIидил чуялъ, лъабго горсверудаги бергьенлъи босана Зилоса ХIизбулаев ХIизбулал чуялъ. Хадусеб кIиябго партиялда цересел бакIал ккуна чачаназул чуяз: анкьго горсверуда-Беноялдаса Турпал Исрапиловасул чуялъ ва ичIго горсверуда-АхIматюрт росулъа ЖабрагIилова Сафиял чуялъ. Киналго партиязда рекерарал, цебесеб лъабго бакI ккурал чуязе кьуна дипломалги, гIарцулал шапакъаталги ва тIоцебесеб бакIалъухъ кьуна кубокалги.

ГIолохъабазда гьоркьоб 1100 метралъул манзилалда векерун тIоцебесеб бакIги призги (5 азарго гъурущ) босана СагIадуев ГьитIинамухIамадица, кIиабилеб бакI ккуна Гьагьалъа Темирсултанов Мурадисица ва лъабабилеб бакI щвана СултIанов ГIабидулае. Гиря борхиялъул рахъальги канат цIаялъул рахъалъги гIолохъабазда гьоркьор тIоритIана къецал.



Жиндирго гирябиги, швейлералги, магIал-болталгун сценаялде вахана ГIумар ХIанапиев. -Щиб гьабизе ракIалда бугеб, ГIумар?-абураб, тадбир бачунев МухIамадрасулил суалалъе гIодове виччан жаваб кьуна-цояб гьетIизабила, цогидаб бекила, щиб бугониги борхила, -абун.

Гьоркьохъебго лага-черхалъул ГIумарихъ балагьун, кидаго ракIалде кколаро 60-ялдасаги цIикIкIун рекорд чIезабурав, Гиннесил меседил тIехьалда жиндир цIар хъварав чи гьев вугилан абун. Гьесул гIамал-хасиятги, хьвадачIвадиги буго гIадатияв, чIухIиги пахрулъиги рекIелъ гьечIев чиясул.

Гьеб тадбиралдаги ГIумарица магIалги гьетIизаруна, болталги рекана, цабзазги ккун гирябиги рорхана, швейлералъул, зилдерие сайгъат гьабун, цойил тарихги кьурана.

ГIумаридаги вагIза-насихIат гьабурал гIалимзабазги зилдерица ретIизаруна гIандадерил буртабиги, лъуна вехьасул тIагъралги.

Гьава-бакъ лъикIаб къоялъ гьабизе рекъараб тадбир букIана гьеб. Кин бугониги гIадамалги, къецазулъ гIахьаллъарал чуязул бетIергьабиги, киналго разиго тIад руссана гьениса.

# КIал кквей гIибадаталъул рагьу ккола (ХIадис)

Рамазаналъ кIал кквей исламалъул ункъабилеб рукну ккола. Гьеб тIадаб букIиналъе хIужжа Къуръанги,хIадисги, ижмагIги буго. КIал кквей тIадаблъунги гьабуна хирияб шагIбан моцIалъ, гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъ. "Бакъарат" абураб сураялъул 184 аяталда абулеб буго: Нужеца кIал кквей нужее лъикIаб буго".

Гьеб тIадаб букIиналда инкар гьабулев чиги капурлъула.

Сундаха абулеб кIал кквей?!

ШаригIаталда кIал кквей абула: Хасаб ниятги гьабун, рогьел баккизе байбихьаралдаса маркIачIул гIуж щвезегIан кIал бихххулеб жоялдаса цIунун чIеялда.

Жинда жаниб цо хIикматги пайдаги гьечIеб жо ТIадегIанав Аллагьас лагъасда тIад къаларелъул, кIал кквей тIад гьабиялъулги руго гIемерал хIикматал ва пайдаби. Гьезул цо дагьа-макъабго рехселин:

1.КIал ккваялъ инсанасда Аллагь кидаго ракIалда щвезавула. Масала: ракъиялъул, къечалъул асаралъ хIанчIанщинахъе инсанасда живго кIал ккун вукIин ракIалде щола ва кIал бихххулеб жо жиндие Аллагьас гьукъун букIин ракIалда бачIуна.

2.ХIал бихьун лъалеб жо буго, кIал ккурав чиясул черх тIадагьго букIунеблъиги, гьесул пикру бацIцIалъулеблъиги ва Аллагьасе гьабулеб гIибадат гьесие гьуинлъулеблъиги. ХIадисалда абулеб буго:"КIал кквей гIибадаталъул рагьу ккола,- абун"

3.ГIемер кванан, чехь гIорцIун вукIунев чиясул ракI биццалъула, тIабигIат хъачIлъула. Гьелъин абуни, инсанасул чорхолъ зулму гьаби, мунагьал гIемерлъи, къосин гIадал квешал, какарал тIабигIатал раккиялъе квербакъи гьабула. КIал ккваялъин абуни, гьединал тIабигIатал чорхолъ раккизе гьукъиялъе квербакъула.

4.Ракъун ругезул хIал бичIчIуна, гьездехун гурхIалилаб асар бижуна ва гьев бахIарав кантIула кумек гьабизе ккеялде.

5.КIал ккваялдалъун амру гьабиялда цадахъго шаригIаталъ инсан кантIизавула гьелдаса аслияб мурад гIицIго квана-гьекъеялдаса чехь цIуни гуреб, гьересияб мацIалдаса, гьибат-бугьтан гьабиялдаса, хIарамалда гIенеккибалагьиялдаса берал-гIундул цIуниги квешлъи гьабиялдаса цIуниги букIиналде.

6.Жакъа къоялда киса-кирего хIалтIизарулел руго ракъун чIеялдалъун унтаби сах гьарулел къагIидаби.Ссалат салам лъеяв аварагасин абуни гьеб къагIида нилъеда 1400 соналъ цебего бицун букIана.Гьес абуна:"Нужеца кIал кквe, нужго сахлъизе руго"-ян.

7.Инсанасул бищунго талихI къинабулеб жолъун ккола нафсалда нахъ вилълъин.Гьаванафсалда тIад кверщел гьабийин абуни, кIиябго рукъалъул талихIалъул аслу ккола.КIал ккваялъин абуни, къуват бижизабула гьава-нафсалда тIад кверщел гьабизе.

Рехселин кIал ккваялъул хиралъаби рицарал хIадисазул магIнаби: Бухариясул риваяталда буго:"Гьес,ай кIал ккурав чияс, жиндирго кваналеб жоги, гьекъолеб жоги, шагьватги Дие гIоло толеб буго, кIал кквей Дир буго,гьелъие ажруги Дица кьезе буго, кIал ккурав чиясул цо-цо лъикIлъиги анцIгольун хъвазе буго"-абун.

Муслимил цоги риваяталда буго:"Инсанасул кинабниги лъикIаб гIамал анцIго нухалъ цIикIкIинабула анкьнусгоялде щвезегIан, ТIадегIанав Аллагьас абулеб бугила:"Цого цо кIал кквей хутIун гьеб Дир буго гьелъие жазаги Дица гьабизе бугилан" Гьаб кьучIаб хирияб хIадисалдасанги бичIчIунеб буго кIал ккурав чиясе кьолеб кириги даражаги гIорхъи гьечIеб гIемераб букIин.

Тирмизиясул риваяталда абулеб буго:"...КIал кквей жужахIалда цебе чIолеб бача (щит) ккола " абун.

Ибну Мажагьица Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидаса бицараб хIадисалда абулеб буго ссалат салам лъеяв Аллагьасул Расулас абунила:"Щибаб жоялъул рацIцIалъи буго, черхалъул рацIцIалъиги кIал кквей буго, кIал кквейги сабруялъул бащалъи ккола"-абун.

Имам АхIмадица бицараб иснадалдалъун Тирмизиясги Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидаса бицараб хIадисалдаги абулеб буго:Ссалат салам лъеяв Аллагьасул Расулас абунила: Лъабго чи вуго жиндир дугIа нахъе чIваларев (ай къабуллъулел):кIал ккурав чияс кIал биччалеб мехалъ гьабураб дугIа, гIадлу битIарав имамас гьабураб дугIа,жиндий зулму гьабурав чиясул дугIа)

Байгьакъияс Аллагь разилъаяв Жабир бину ГIабдиллагьидаса бицараб хIадисалда абулеб буго:Ссалат салам лъеяв Аллагьасул Расулас абунила:"Дир умматалъе рамазан моцIалъ щуго жо кьуна дидаса цере рукIарал аварагзабазе жал кьечIел. Гьезул тIоцебесеб абуни, рамазан моцIалъул тIоцебесеб сордо щвараб гIужалъ жив ВацIцIадав ТIадегIанав Аллагь гьезда балагьула,Аллагь жинда балагьарав чиясе Аллагьас кидаго гIазабги кьоларо.КIиабилеб абуни, къаси гIужалдехун гьесул кIалдиса бахъунеб махI,Аллагьасда аскIоб мискалдаса гьуинаб буго. Лъабабилеб абуни, гьезул малаикзабаз мунагьал чури тIалаб гьабулила щибаб сордо-къоялъ. Ункъабилеб абуни,ТIадегIанав ВацIцIадав Аллагьас жиндирго алжаналда амру гьабулила, мун Дир лагъзадерие хIадурлъе ва берцинлъе, гьел дунялалъул захIмалъиялдасаги ратIалъун Дир гурхIел-хиралъиялъул рокъоре хIалхьизе рачIизехъин руго абун. Щуабилеб абуни, сардил ахир щвараб мехалъ Аллагьас гьезул киназулго мунагьал чурула"-абун. (Ай, гьаб моцIалъ цогидал моцIазда гIадин гIемерал гIадамал мунагьазукье ккезаризе щайтIабазда кIоларо. ЛъикIаб ниятги гьабун, тавбуги гьабун цо чи лъугьани,щайтIабазда кIоларо гьев чи гьеб моцIалъ къосинавизе.Амма гьаб моцIалъул адаб хIурматги тун хьвадулел гIадамазе щайтIабазда щибго мунагьал гьаризаризе кIоларин абураб магIна гьаб хIадисалъул гьечIо).

Цояс гьикъанила:Я Аллагьасул Расул, лайлатул къадруялъул сордоялъищ мунагьал чурулел абун? Гьес абунила:"Гуро киннигин лъикIаб гIамал гьабурав чиясе кири тIубазабула гьесул гIамал гьабун бахъарабго".(Ай щибаб кIал ккураб сордоялъ чурулин абураб).

КIал кквей кколаро Аллагьас гIицIго тIулалги къечезе, чахьалги ракъизе лъураб нух. ХIарамал жал рехун тей,Аллагьасе хIели,гьев тIаде балагьун вукIин кIочон тезе биччангутIи,малаул агIлаялде рухI бахинаби, Аллагь рехсей, таравихIал ран, мажгитазде хьвадун, Къуръан цIалун щибаб минут гIумрудул чIаго гьаби -гьеле кIал тIад гьабиялъул магIнаго. Ссалат салам лъеяв аварагас абун буго:"Рамазан моцIалъ Аллагь рехсолев чиясул мунагьалги чурула, гьеб моцIалъ Аллагьасда гьарулев чиги чIового толаро".

Гьединго нилъеда лъазе ккола Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидаса бицараб хIадис буго:Ссалат салам лъеяв Аллагьасул Расулас абунила:"ШаргIияб нухги гьечIого,унтунги гьечIого, рамазан моцIалдаса цо кIал биччан щив чи вугониги, гьеб кIал гьес гIумруялъ ккуниги бецIун бахъунаро". Гьелъул магIнаги кколаро кквечIого тараб кIал бецIичIого тейин абураб, гьелъул магIна буго, бокьун кIал биччаялдалъун гьесие ккараб зарал гIумруялъ ккураб кIалалъ тIаса бихьуларо абураб.

Аллагь разилъаяв Абу Уматил БагьилиясДаса бицараб хIадисалда абулеб буго: Ссалат салам лъеяв Аллагьасул Расулас абунила:"Дун кьижун вукIадго дихъе вачIана кIиго чи. Гьел кIиязго дун къвалакьги ккун тIаде вахъинавуна ва гьез дун захIматаб цо магIарде аскIове вачана ва кIиязго абуна: "Мун эхеде вахаян. Дица абуна: Дида вахине кIолароян. Цояс абуна: Нижеца дуе кумек гьабила ва бигьалъизабила- абун. Дун эхеде вахана ва мегIер бакьулъе щвараб мехалъ дида кутакал гьаркьал ргIана. Дица гьикъана гьал гьаркьал щал кколилан? Гьез абуна:Гьаб жужахIалъул агьлуялъул руруди бугилан. Цингиги гьез дун вачана ва цо къавмалде аскIове ккана, хIатIил агъаздалъун дализарурал, кIалалъул рагIалалги рухьун гьениса биял чвахулел дица гьикъана: Гьал щал чагIи кколел абун? гьезул цояс абунила: Гьал шаргIияб нух гьечIого кIал биччалел гIадамал абун. Какалъулги кIалалъулги шагьадаталъулги цонигияб тарав чиясул дин чIунтула.

**Лъидаха тIалъулеб рамазан моцIалъул кIал ккевезе?!**

Гьеб тIалъула кинавниги бусурманав,гIакъилав,балугъав чиясда.Лъимералдаги гIантлъарав чиясдаги тIалъуларо. Амма анкьго сон тIубан хадуса, жо батIа бахъизе лъалеб цIодораб лъимералда амру гьабила, кIал ккун бажарулеб бугони, анцIго сон тIубан хадуб кIал кквечIони къабила, Амруги, къабиги валиясда тIадаб буго. Гьеб кIиябго гьабичIони валиясе хIакъ букIуна.

Херлъун яги унтун кIал ккваялдаса гIажизлъарав чиясда кIал ккевезе тIалъуларо, амма херлъиялъ яги сахлъиялда хьул гьечIеб унтиялъ кIал ккевезе бажаричIев чиясда щибаб кквечIого хутIараб кIал рикIкIун фидят тIалъула, ай цо-цо муд.

Гьединго кIал ккевезе тIалъуларо хIайиз-нифасалда йигей гIаданалдаги, шаригIаталъ гьезие кIал ккевезе гьукъун бугелъул.

Унтарав сахлъун хадуса, сапаралда ругел сапарги лъугьун хадуса ва хIайиз-нифасалъулъ йигей гIадан яцIцIалъун хадуса гьездаги кквечIого хутIараб кIал бецIизе тIалъула.



**ГIаиша МухIамадова.**

# Кинабго рахъалъа махщел камилав



Дагъал церегIан къоязда райадминистрациялъул минаялда цебе бугеб памятникалда хIалтIи гьабулев ватана гьелъул автор-скульптор Хизри Асадулаев.

Хизри кколев вугоан ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъа. МугIрузул гIадатияб росулъ гIунаниги Хизрица кIудияб бергьенлъаби росана ва жиндирго цIар машгьур гьабуна тIолабго тIалъиялда.Гьев кола Дагъистан ва Чачан республикабазул халкъияв художник. Гьелдаго цадахъ Хизри ккола поэт,скульптор, таржамачи. ГIумру гьабулеб бакIлъун къисматалъ Хизрие къачIан батана Белоруссиялъул ракь.Гьединлъидал Хизри гIицIго Россиялъул хъвадарухъабазул союзалда гуревги Белоруссиялъул хъвадарухъабазул союзалъулги членлъун ккола.

**Хизри, гьабулелда баракат лъеги. Гьадинаб, сабру хIажатаб къебелъи тIаса бищизе сунца мун тIамурав, гьаб махщел кинан лъугьараб магIаруласул рекIелъе?**

-Амин Аллагь. Кутакалдаса уяб ракIиха, махщелги, сабруги,рокьиги цолъичIони чиясухъан гьабун бажарулеб хIалтIи гуро гьаб. Сабруйин абуни баккула гьабулеб хIалтIи бокьидал. Мисалалъе бачина Адам аварагасул (гIалейгьи салам) лъугьа-бахьин. Аллагьас Джабраил Малаик витIанила Адамихъе лъабго хазинаги босун; иманги, гIакълуги, намусги. Ва абунила гьеcда, цояб тIаса бищейин. Адам аварагас (гIалейгьи салам) гIакълу тIаса бищана. Джабраилас иманалде алжаналде тIаде буссаян абуна. Иманалъ инкар гьабуна, жиндиде амру гьабун букIанин гIакълугун цадахъ букIаян. Хадуб Джабраилас намусалде буюрана алжаналде тIад буссаян. Гьелъги инкар гьабуна, жинде амру гьабун букIанин иманалда цадахъ букIаян. Гьединан лъабабго хазина Адамихъ хутIана. Гьединабго жаваб гьабизе бегьула дир хIалтIуеги: тIоцебе сабру,сабруялда цадахъ махщел, махщалил хьибил ккун рокьи. Рокьиялъе аслуйин абуни дида ракIалда ккола гьитIинго эбелалъул махщалидаса баккараб батулин. Гьей йикIана тIансаби рессулей гIадан. Гьеле дир бераз-да тIоцебе бихьараб махщалилги, сабрудулги гьабулеб ишалде рокьиялъулги сурат.

**Махщел камил гьабиялъе кинал нухал дуца тIаса рищарал ва тIоцебе дур хIалтIи кин халкъалда бихьараб?**

Байбихьуда дунго тIад хIалтIулаан дирго ишалда, хадув цIализе ана М.А.Джемалил цIаралда бугеб Дагъистаналъул художественнияб училищеялде. Гьелдаги гIей гьабун чIезе ракIалъе къабуллъичIого, Г.Г.Мясоедовасул цIаралда бугеб Орловалъул художественнияб училищеялдеги кьуна документал ва гьебги лъугIизабуна.

1982 соналъ гIахьаллъи гьабуна Минскалда тIобитIараб Белоруссиялъул республикаялъулаб выставкаялда, 1986 соналдаса 1991 соналде щвезегIан Москвалда тIоритIарал щинал художественниял выставкабазда. Гьединго дирго хассал выставкаби гIуцIиIана Минск шагьаралда 2010, 2011, 20I2, ва 2016 соназ. 2013 соналъ дир выставка тIобитIана Москва шагьаралдаги.

**Нилъерго халкъалъе рес щвечIищха дур гьунаралдаса лахIзат босизе?**

Узухъда, МахIачхъала шагьаралда 2014, 2016 соназ тIоритIана ракьцоязеги выставкаби.

**Махщел бугев чиясул сундулъго махщел букIунин абула. Хизри, рагIана дуца кIучIдулги хъвалин. Кинаб мацIалда дур асарал рижунел?**

Дица кучIдул хъвала нижерго кIкIаралазул мацIалда. Хадур гьел руссинарула гIурус мацIалде. "Горо" абураб нижерго мацIалда хъвараб асар таржама гьабуна Белоруссиялъул халкъияв поэт Рагор Бородулинас, "Проблески таинства", "Эхо корней" Анатолий Аврутинил таржама.

МагIарул мацIалда дур кучIдул цIализе бокьаразе рес кколеб гьечIоха гьелдаса пайда босизе?

Буго. ГIицIго гIурус мацIалде гурелги, гьел руссинарун руго магIарул, гIараб, турциялъул мацIаздеги.

**Дуцагоги гьабулин рагIана дида таржама, лъазе бокьилаан кинал асарал дур къалмикье ккаралали?**

Гьабула, амма магIарул мацIалде гуреб нижерго кIаралазул мацIалде. Гьединаздаса ккола гIурусазул хъвадарухъабазда гьоркьоса: Пушкинил, Тютчевасул, Лермантовасул, Некрасовасул,Есенинил асарал. Беларуссиялъул адабияталдаса: Скорины,Купалы,Колоса,Бородулин. Ва къватIисел пачалихъазул адабияталдаса:Китса, Шиллер, Гетте,Хайам гIадал хъвадарухъаби. Гьел ратизе бегьула "Горо" ва "НигIмат" абурал дир тIахьазда.

**Музыкаялъулгун кинха дур гьудуллъи ккараб?**

РекIелъ бижана. Творчество чиясул тIабигIаталъул цо бутIа бугин абила дица-го. Ва гьелдаго цадахъ нилъ ккола сверухълъиялъул соавторалги. Кинал ругониги лъугьа-бахьиназ бижинабула пикру ва махщелалъ тIегьазеги гьабула гьеб. Гьединал лахIзатал данде гьарурал руго дир "Лирика суровых гор" ва "Майский аромат" абурал кIиябго альбом.

**"Человек, который брал интервью" абураб художественнияб киноялда роль хIалевги вукIанин рагIана.**

ГIемераб жо лъалеб бихьула (гьимулаго). БукIана гьеб хIакъикъатги дир гIумрудулъ . 1986 соналда "Белорусьфильм" киностудиялъ душманил эпизодическияб роль хIазе вачIаян гьарана, дицаги гьеб къабул гьабуна. Къимат халкъалъ кьезе тела.

**Апараглъуда вукIадго дур творчествоялъе кумек гьабулищ гIагарал мугIрузе бугеб урхьиялъ?**

Узухъда. Гьеб буго дир пикрабазул бищунго кIудияб бечелъиги. Дагъистан гIицIго дир пикрабалъ гуребги, дир мацIалдаги буго. Щайин абуни, аслияб кудалда ВУЗазда студентазда цебеги, школазда цIалдохъабазда цебеги дица кидаго бицуна Дагъисталъул хIакъалъулъ. Гьединал дандчIваялин абуни, къойилго рукIуна дир. ХIатта, дир биценаздаса Александр Григорьевич Лукашенко магIарухъе вачIине хиялазда вуго. Ва хинаб риидалил къоялъ мурад гьесул тIубазе ниятал дунги вуго.

**Баркала, Хизри, гIатIидаб гара-чIвариялъухъ. ХIалтIулъ бергьенлъабиги щулияб сахлъиги гьарула дуе .**

ХIурматияв подписчикал, Хизрил хIалтIи бихьизе бегьула райадминистрациялъул минаялда цебе бараб памятникалда бер чIвайдал, кучIдулин абуни, нижеца гьел рахъулел руго жакъасеб номералда. ЦIале, пайда босе ва лъай-хъвай гьабе махщел камилав, пагьмуги гьваридав кIаралазул васасулгун.

**З.МухIамадова**




*Художественные работы хранятся в музеях и частных коллекциях во многих городах мира, в частности, Москвы, Минска и др. Среди них особое место занимает графический портрет князя Лобанова-Ростовского Н.Д. с Оксаной Карнович под названием "Диалог двух эпох" (Дом русского зарубежья). Памятники, работы Х.Асадулаева, установлены в Москве (один из них — Герою России генералу Максимчуку В. М., руководившему тушением пожара на Чернобыльской АЭС в мае 1986 года); Дагестане (в родном селе Карата — Герою Советского Союза Абдулманапову М.-З.); Санкт-Петербурге на Синявских высотах — дагестанцам-защитникам Ленинграда в ВОВ; Минске: "Аллея славы, гордости и памяти" в Академии МВД РБ, Герою Советского Союза Иону Солтысу на улице, носящей его имя; в г. Столине - заслуженному врачу Романович А.С. Мемориальные доски с барельефами: г. Москва: Герою Советского Союза, космонавту Манакову Г.М., генерал-полковнику Мерецкову В.К., генерал-майору Лагошину В.В.; в Минске: на одноименных улицах: дважды Герою Советского Союза, маршалу Советского Союза Тимошенко С. К. Рафиеву Н.О, Малышеву Ф.А.-проспект Победителей, академику Степаненко А.В.- институт физики АН РБ; в с.Ботлих, Республика Дагестан "Памятник доблести солдата-победителя, воина-интернационалиста и отваге народного ополчения в борьбе с международным терроризмом".*

***Лауреат Белорусских республиканских фестивалей национальных культур в Гродно в номинациях «Поэзия» и «Вокал» 2006, 2008, 2010, 2012 и 2014 годов.***

***Делегат Всемирных конгрессов россиян зарубежья 2006, 2009, 2012, 2015 и 2018 годов, Всемирных тематических конференций россиян зарубежья, 2003, 2007, 2008, 2010 и Всемирной конференции «Российские соотечественники зарубежья, внесшие вклад в мировую культуру» 2013 года.***

***Председатель Правления Международного общественного объединения «Горо».***

***Член координационного совета руководителей белорусских общественных объединений российских соотечественников при Посольстве России в Беларуссии.***

***Член межэтнического консультативного совета при Уполномоченном по делам религий и национальностей Республики Беларусь.***

# С ЛЮБОВЬЮ К РОДИНЕ

## ХИЗРИ АСАДУЛАЕВ




***Глина между пальцев-горяча,***
***Вдохновенья зажжена свеча-***
***Образы, как тени на стене,***
***Будто наяву, а не во сне.***

***Дух и плоть в единое слились,***
***В глине скульптор пробуждает жизнь.***
***Штихель кораблем плывет в резьбе,***
***Этот путь-как памятник судьбе.***

***

Смотреть научись, а не просто лишь видеть округу,
И тайное-явным покажется...Дальше по кругу-

Не только послушать захочется, но и услышать,
Как в легком дыхании тяжко столетия дышат.

А после в слова обратить, что словам не подвластно,
И что-то зажжется в душе, чтоб светить непогасно...

***

Земля моих предков...Святые могилы...
Здесь первый мой вдох Карата подарила.

Глоток молока из груди материнской-
Он тоже, конечно же, был каратинским.

Я ползал еще, ушибаясь о камень,
Но отчую землю пощупал руками.

И радуги первой своей семицветье
Я над Каратою впервые заметил.

И слово, и книги волшебная сила-
Всем этим меня Карата наградила.

Быть сыном земли-это тоже искусство,
От первого танца до первого чувства.

Я вырос...Художник...Объездил полсвета,
Но без Караты мне не нужно все это.

## Хизри

***Потомок доблестных мюридов***
***В страну болот сошел со скал***
***И пояс огненный шахидов***
***На пояс слуцкий променял.***

***Но, заглянув душой невинной***
***В озерно-васильковый храм,***
***Зашлаковать себя свининой***
***Он не позволил бульбашам...***

***

***Бедняк случайно саженец нашел,***
***Где зеленела маленькая почка,***
***Чуток подумал: "Заберу и точка...***
***Окрепнут ветви и окрепнет ствол..."***

***Бедняк его у дома посадил,***
***И выросло, и заплодоносило,***
***Была в плодах целительная сила,***
***Что оживляла тех, кто был без сил.***

***Но враг нагрянул...Рухнули дома,***
***Пришельцы злые землю поделили,***
***В садах деревьев множество спилили,***
***И даже днем вокруг царила тьма.***

***То дерево оградой обнесли,***
***Прорыв вокруг широкую канаву...***
***А дерево парило величаво***
***Над злым простором выжженой земли.***

***Решили злыдни древо заточить,***
***Как узника, в безводную темницу,***
***Надеясь, что плодов оно лишится***
***И будет все молить их-"пить" да "пить"...***

***И в жизни так...Порою страшно знать,***
***Что лучший друг твой погибает в клетке...***
***Еще цветут плоды на тонкой ветке,***
***Но рядом-смерти черная печать...***

## НЕВА

***Чуть розовата в дымке заревой,***
***Нева еще дремала...Тихо...Рано...***
***И мы с тобой стояли над Невой,***
***С утра слегка подернутой туманом.***

***А через час стемнело в небесах,***
***Река в ответ свинцово-чёрной стала,***
***Менялось небо...Прямо на глазах***
***Нева оттенки нехотя меняла.***

***Всё-божья воля...Радуют волну***
***В нее дождя пролившиеся струи.***
***В ладонь волну с дождинкой зачерпну,***
***Она мне пальцы тихо поцелует...***



***Не вечно всё...И небо отдождит,***
***И липы вновь отбросят полутени.***
***Нева тихонько молвит: "Подожди...",***
***И вдруг на палец звездочку наденет.***

## ХИЗРИ АСАДУЛАЕВУ СКУЛЬПТОРУ И ПОЭТУ

Орел парит над горною грядой,
Тропа ведёт вдоль чистого ручья...
Что ты таишь в себе,
мой новый день родной,
Какую искру, силу бытия?
О, жажда творчества!
Познанье глубины
Небес и вод, огня души, времён...
Титаны духа, сердца и любви
Являли миру знания. Закон
строенья мира стар и вечно нов.
И бесконечны миг и совершенство.
Одно спасение-зовет Пророк,
Иди на свет, хоть медленно, но верно.
И лейся каплей, песней ли дождём
На землю эту, к сердцу всех миров...
Мы-пилигримы, реки всех веков.

***

И откуда берется, ответь мне,
такая потреба-
Растревожить века,
распугать соловьиную тишь?...
Ты подбросил опять
птице ангельской корочку хлеба,
И теперь эту птицу
Коварно зовешь и манишь...
Для того ли она постепенно
к тебе привыкала,
И оттаяла сердцем,
словесных не чувствуя жал,
Чтобы злая рука твоя
камень в ту птицу метала,
Чтобы лживый язык твой
Словами её добивал?

Оболжешь и изранишь...
Но может такое случиться-
Среди мелочных будней
извечные правя дела,
Не поймёшь ты-откуда
взялась эта чёрная птица,
Та, что выклюнув очи,
Тебя за собой увела...

***

Мой отчий край!
Я здесь, я снова тут...
шепчу слова любви родному краю,
птицы мне поют,
Я им по-каратински
отвечаю...

# Решение № 29

## *одиннадцатого заседания Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» седьмого созыва*

***от 30 марта 2022 г.*** ***с. Ботлих***

О внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» «О бюджете МР «Ботлихский район» на 2022 год и на плановый период 2023-2024 годов»

В соответствии с Бюджетным кодексом РФ, Уставом муниципального района «Ботлихский район» и Положением о бюджетном процессе в муниципальном районе «Ботлихский район», Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район» решает:

1. Внести изменения в решение Собрания депутатов МР «Ботлихский район» от 28.12.2021 № 19 «О бюджете МР «Ботлихский район» на 2022 год и на плановый период 2023-2024 годов» согласно приложению.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Гъудуллъи-Дружба».

**Глава**
**муниципального района** **Р.С. Гамзатов**

**Председатель**
**Собрания депутатов** **М.О. Омаров**

Приложение
к решению Собрания депутатов МР «Ботлихский район»
Внесения внутрисметных изменений от 30.03.2022 №29

| **Наименование МКУ** | Код по бюджетной классификации | | | | | | | | **Уменьшить** | Код по бюджетной классификации | | | | | | | | **Увеличить** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | глав ы | разде ла | подра здела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | **Сумма** | Примечание | глав ы | разде ла | подр азде ла | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | **Сумма** | Примечание |
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| АМР “Ботлихский район” | 001 | 07 | 03 | 9900070030 | 414 | 310 | | 2 870 000 | Умеьшение расходов на строительство спортзала в с.Риквани 2000 т .р. и на строительство спортзала в с. Н- Инхело 870 т. р. | | | | | | | | | |
| АМР “Ботлихский район” | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 243 | 225 | | 303 000 | Расходы на благоустройство площадки под МФЦ | 001 | 01 | 11 | 9900010070 | 870 | 200 | | 9 360 000 | На увеличение расходов резервного фонда в связи с неблагоприятным прогнозом социально-экономического развития района (Письмо № 01-36-348 от 23.03.2022) |
| МКУ “Хозяйственная служба” | | | | | | | | | | 001 | 01 | 13 | 9900090500 | 243 | 225 | | 303 000 | Расходы на благоустройство площадки под МФЦ (Письмо № 0136-348 от 23.03.2022) |
| МКДОУ “Детсад “Сказка” с.Ашали | 400 | 07 | 01 | 9900070010 | 243 | 225 | | 566 000 | Уменьшение расходов на благоустройство детской площадки | | | | | | | | | |
| МКУ “Управление культуры” | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 310 | | 1 700 000 | Уменьшение расходов на приобретение автомашины “Газель” | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 310 | | 250 000 | Расходы на приобретение оборудования и инвентаря (Письмо вх №1068 от 30.11.2021) |
| МКУ “Управление культуры” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 296 | | 450 000 | Расходы на проведение мероприятий (Письмо вх №1068 от 30.11.2021) |
| МКУ “Управление культуры” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 349 | | 300 000 | Расходы на проведение мероприятий приобретение подарков (Письмо вх №1068 от 30.11.2021) |
| МКУ “Управление культуры” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 226 | | 150 000 | Расходы на изготовление банеров (Письмо вх №1068 от 30.11.2021) |
| МКУ “Управление культуры” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 244 | 346 | | 90 000 | Прочие расходные материалы и предметы снабжения (Письмо вх №1068 от 30.11.2021) |
| МКУ “Ботлихская центральная районная библиотека” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080020 | 244 | 226 | | 108 509 | Расходы на оплату труда оператора газового обслуживания (Письмо вх №040 от 18.02.2022) |
| МКУ “Ботлихский историко-краеведческий музей” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080030 | 111 | 211 | | 351 483 | Расходы по заработной плате на доведение средне индикативных значений (Письмо вх № 224 от 23.03.2022) |
| МКУ “Ботлихский историко-краеведческий музей” | | | | | | | | | | 001 | 08 | 01 | 9900080030 | 119 | 213 | | 106 148 | Начисление на заработную плату |
| МКУ “Единая дежурно-диспетчерская служба” | | | | | | | | | | 001 | 03 | 10 | 9900060300 | 111 | 211 | | 111 124 | Расходы на заработную плату на доведение до МРОТ (Письмо вх №157 от 09.03.2022) |
| МКУ “Единая дежурно-диспетчерская служба” | | | | | | | | | | 001 | 03 | 10 | 9900060300 | 119 | 213 | | 33 560 | Начисление на заработную плату |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| МКОУ “Ботлихская СОШ №2” | | | | | | | | | | 400 | 07 | 02 | 9900070020 | 244 | 224 | | 125 000 | Расходы на оплату аренды помещения для пищеблока (Письмо вх №487 от 18.03.2022) |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | 992 | 14 | 03 | 2610160040 | 540 | 251 | | 1 575 000 | Субсидия на строительство электрической линии в местности “Рухомол” с. Анди | | | | | | | | | |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | 992 | 14 | 03 | 2610160040 | 540 | 251 | | 445 000 | Субсидия на строительство подпорной стены у кладбища в с. Н-Инхело | | | | | | | | | |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | 992 | 14 | 03 | 2610160040 | 540 | 251 | | 600 000 | Субсидия на строительство водонакопителя в с. Кижани | | | | | | | | | |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | 992 | 14 | 03 | 2610160040 | 540 | 251 | | 800 000 | Субсидия на устройство ветки канализации по ул.Набережная в с. Муни | | | | | | | | | |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | 992 | 14 | 03 | 2610160050 | 540 | 251 | | 1 000 000 | Гранты по социально-экономическому развитию сельских территорий | | | | | | | | | |
| УФ и Э АМР “Ботлихский район” | | | | | | | | | | 992 | 07 | 03 | 9900070035 | 612 | 241 | | 276 176 | На проведение республиканского туристко-краеведческий слет работников образования и районный слет среди учащихся района (Письмо вх №214 от 22.03.2022) |
| МКОУ “Кижанинская ООШ” | 400 | 07 | 02 | 9900070020 | 414 | 310 | | 846 000 | Уменьшение расходов на строительство санузла | | | | | | | | | |
| МКОУ “Ортаколинская СОШ” | 400 | 07 | 02 | 9900070020 | 243 | 225 | | 960 000 | Уменьшение расходов по капитальному ремонту спортзала | | | | | | | | | |
| МКОУ “Тлохская СОШ” | 400 | 07 | 02 | 9900070020 | 243 | 225 | | 350 000 | Уменьшение расходов по капитальному ремонту санузла | | | | | | | | | |
| ИТОГО | | | | | | | | **12 015 000** | | | | | | | | | **12 015 000** | |

# РАСПОРЯЖЕНИЕ

от 24 марта 2022 г. № 43-р

с. Ботлих

В целях исполнения протокола заседания регионального штаба по вопросам обеспечения газификации Республики Дагестан и устойчивого экономического развития предприятий энергетики и жилищно-коммунального хозяйства Республики Дагестан от 10.02.2022 №11/04-03:

1. Рекомендовать ПАО «Россети Северный Кавказ», ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» обеспечить:

1.1. Проведение сверки и привязки лицевых счетов, платежных документов, общедомовых и индивидуальных приборов учета энергетических ресурсов к каждому жилому объекту с учетом актуализированных данных в срок до 25.03.2022;

1.2. Размещение на оборотной стороне платежного документа информации по регистрации личного кабинета в ГИС ЖКХ и привязки к нему лицевого счета по оплате за предоставленную услугу в срок до 28.03.2022.

2. Руководителям структурных подразделений администрации МР «Ботлихский район», муниципальных бюджетных и казенных учреждений района обеспечить регистрацию работников и членов их семей в ГИС ЖКХ с открытием личного кабинета и привязкой к нему лицевого счета предоставляемой коммунальной услуги, внесением показаний приборов учета коммунальных ресурсов и дальнейшей безналичной оплатой за коммунальные услуги в срок до 30.03.2022.

3. Разместить настоящее распоряжение на официальном сайте администрации МР «Ботлихский район» в сети Интернет.

4. Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Заместитель**
**главы администрации** **А.И. Магомедов**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

Директорасул ишал тIуралев
**А. Агъларов**
Мухбирзаби:
**ГI. МухIамадова**
**П. Дибирова**
**П. Камилова**
**М. МухIамадова**
**ХI. ХIасанхIажиев**
Фотокорреспондентал:
**К. Камилов**
**Ш. МуртазагIалиев**
**Корректор П.МухIамадова**
Наборщица
**П. Эльдарова**
Дизайнер
**С. Камилова**

*Индекс: 368970*
*Адрес:*
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
*Телефон:*
*Директорасул 8928 680 50 42*
*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*
*Заказ № _____*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

# Баркала гIолохъабазе берцинаб хIаялъухъ




Микрорайоналда ДЮСШялъул залалда тIоритIана 2004-2005 соназ гьарурал васалаздаги ясалаздаги гьоркьор волейболалъул рахъалъ зоналиял кьецал.

Гьебго тадбиралда хIасилал гьаруна, районалда октябралдаса марталде щвезегIан унеб букIараб, волейболалъул рахъалъ Любительскияб лигаялъулги.

Лигаялъулъ тIоцебесеб бакIалъул кубокги гIарцулаб шапакъатги босана Болъихъ -1 командаялъ. Гьеб гIолохъанаб командаялъ бихьизабуна лъикIаб махщелги гьунарги. Кидаго гIадин абуниги мекъи ккеларо, кIиабилеб бакI щвана КIижани командаялъе. Районалда волейболалъул рахъалъ тIоритIулел кьецазулъ цIикIкIарасеб, гIадат хIисабалда, кIиабилеб бакIалда рукIуна кIижанисел. Лъабабилеб бакI кьуна Болъихъ-2 командаялъ. Гьел командабазеги, бищунго лъикI хIалев, лъикIав гьужумалъулав, лъикIав защитник, лъикIав либеро категориязда лъикIаб махщел бихьизабурал цо-цо волейболистазеги кьуна дипломалги ва шапакъаталги.

Гьелдаса хадуб райадминистрациялъул физкультураялъулгун спорталъул ва туризмалъул управлениялъул начальник Руслан МуртазагIалиевас цIарал ккун цере ахIана 2008-2009 соназ гьарурал васазда гьоркьоб тIобитIараб волейболалъул рахъал республикаялъул турниралда тIоцебесеб бакI босараб районалъул команда. Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасул рахъалдаса гьезул щивасе кьуна гIарцулаб шапакъат-10 000 гьурущ.

Гьеб къоялъул аслияб тадбир-машгьурав волейболист ва судияв Мингажудин МухIамадовасул хIурматалда тIобитIулеб зоналияб турнир рагьана районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас. **Волейболалъул рахъалъ** бакIалъулаб Любительскияб лигаялъулъ гIахьаллъи гьабурал спортсменазеги гIуцIалилаб хIалтIи тIаде босаразеги районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасул, депутатазул Собраниялъул, волейболалъул ветераназул ва жиндирго рахъалдаса ГIабдулдибир ГIабдулдибировас баркала кьуна мунагьал чураяв Сайгитов Расул ракIалде щвезавиялда хурхинабураб тадбиралъулъ гIахьаллъаралъухъги ва рихьизарурал хIасилазухъги, лъикIаб хIаялъухъги.



**-Нилъер волейболистаз санайилго лъикIал хIасилал рихьизарула районалдаги республикаялдаги тIоритIулел батIи-батIиял кьецазулъ. Районалъул нухмалъулез бажарараб квербакъи гьабизе буго волейболги спорталъул цогидал тайпабиги церетIеялъе. Баркала буго, нужее берцинаб хIаялъухъги, берцинлъиялде бугеб гьираялъухъги. Гьарула нужее щулияб сахлъиги, талихIги, икъбалги, киналъулъго цебетIейги,-**янги абуна гьес.

Гьеб къоялъул программаялда рекъон гIолилазда гьоркьор радалго байбихьарал кьецал лъугьана къаси кватIараб мехалъ.

КIудияб щаклъиго букIинчIо финалалде ясалазулги васалазулги бальхьадерилги хундерилги командаби рачIине рукIиналда. ХIасил гьединаб ккезеги ккана. Финалалда кIиябго командаялъул ясаз бихьизабуна лъикIаб хIай, бугониги хундерил ясазул махщел цIикIкIана. Гьез турниралда тIоцебесеб бакIги ккуна.

Васалазда гьоркьоб финалияб хIай байбихьана къаси кватIараб мехалъ, залин абуни, кIиябго командаялъул болельщиказ кьабун цIун букIана. Гьезул ахIи-хIуралъ гьоркьо-гьоркьоб судияс квералъ ишан гьабун гурони гьесул гьещтIеро (свисток) рагIулеб букIинчIо.

ХIакъикъаталдаги, берцинаб ва хIалуцараб хIай бихьизабуна гIолохъабаз. Гьенибги икъбал букIана хундерил рахъалда, гьел бергьана 2:1 хIасилгун ва рахъана зоналияб турниралъул чемпионаллъун. Узухъда, нилъерго команда къеялдаса дагьабго ракIхвей букIана, амма кIиябго командаялъул спортсменаз бихьизабураб хIаялдаса, гьезул гьунар-махщелалдаса киналго разиго хутIана.

**ХI. ХIасанхIажиев.**

# Ярмарка тIобитIана




Болъихъ районалъул аслияб майданалда, 27 марталъ тIобитIана росдал магIишаталъул продукция бичулеб ярмарка. ГIибоцIухъабазул бищунго хIалуцараб заман бугониги, (унеб буго къинлъул кампания) бабаюрталъул зонаялда ругел Хелекьури, ГIалахъ, АнсалтIа, РикIвани, Гъагъалъ, Зило росабазул СПКабаз, Гъизляр районалдаса Гъодоберисезул СПКялъ ва районалъул фермераз гIахьаллъи гьабуна гьеб ярмаркаялда. ТIаде щолеб хирияб Рамазан моцIалъул хIурматги гьабун, халкъалъе учузабго багьаялда бичана гьез гьениб гьан, хIан. БукIана гьениб ччугIаги пихьги.

Ярмаркаялде щварав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас баркала кьуна фермеразеги СПКабазул нухмалъулезеги ярмаркаялъулъ гIахьаллъиялъухъги ва, гьанжесеб заманалда, рекъараб багьаялда гIадамазе жидецаго гIезабураб продукция бичиялъухъги.

Ярмаркаялъе лъикIаб гIуцIалилаб хIалтIи гьабун букIана районалъул росдал магIишаталъул начальник Расул Мухтаровас ва экономист-бухгалтер Юнус АхIмадовас. Гьединго гьез хIаракат бахъана берцинаб тартибалда тадбир иналъеги.



2021 соналъ Муни СОШалъ КъурамухIамадова ПатIимат Арслановналъул цIаралда кьураб 00518002333738 аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**